



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN PWOJÈ ENFRASTRIKTI ENPÒTAN POU AMELIORE KALITE DLO LAKE GEORGE LA

14.9 milyon dola nan investisman Eta ede finansse amelyorasyon izin tretman dlo ize nan Vilaj la, sa k ap pwoteje kalite dlo lak la ak ekonomi lokal la

Yon pati nan angajman kontinyèl New York pou asire enfrastrikti dlo pwòp nan tout eta a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a finisman yon pwojè plizyè ane pou repare ak amelyore enfrastrikti dlo enpòtan sou Lake George ki enpòtan anpil pou pwoteje sante alontèm lak la ak ekonomi lokal ki depann de li a. Eta New York te investi prèske 15 milyon dola nan amelyorasyon modèn nan izin tretman dlo ize vilaj Lake George la ki pral redwi anpil kantite polisyon ki antre nan lak la epi kreye benefis ekonomik ak anviwònmantal dirab pou rejyon an.

"Eta New York pran angajman pou li travay ak kominote lokal nou yo pou pwoteje kalite lak nou yo toupatou nan eta a, pou li fè envèstisman rekò pou pwoteje sante piblik ak anviwònmant an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lake George sèvi kòm youn nan destinasyon touris ki pi popilè nan Nòdès la ak yon kote yo renmen anpil pou vakans familyal, soutni tradisyon anyèl ki dire pandan plizyè jenerasyon. Amelyorasyon enpòtan yo te fè nan izin tretman dlo ize vilaj la pral pwoteje avni dlo majestyè sa a pandan y ap fè pwomosyon pou kwasans ekonomik ak aktivite touristik nan tout rejyon an."

Lake George se youn nan destinasyon touris ki pi popilè nan New York. Li gen ti sounon "Rèn Lak Etazini yo" (Queen of American Lakes), mas dlo sa a ki mezire 11,394 ekta ki sitiye nan kwen sidès Adirondacks ki te sèvi kòm youn destinasyon touristik prensipal depi epòk Lagè Revolisyonè a. Rezidan ak vizitè Lake George yo pwofite anpil opòtinite pou lwazi eksteryè ak akwatik nan rejyon an.

Nan ekstremitè sid lak la, vilaj Lake George kenbe yon izin tretman dlo ize ki te premye konstwi an 1932. Li sèvi vilaj la ak kèk kominote ki ozalantou yo epi li eksperimente gwo afliks nan itilizasyon pandan sezon touristik ete a. Depi 2014, etablisman demode a te sijè ak yon òdonans konsantman ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) la ki mande pou diminyon depasman nitrat ki te andomaje kalite dlo lak la. An 2016, akòz depasman kontinyèl, yo

te modifiye òdonan lan pou mande vilaj la amelyore tout sistèm pa yo pou amelyore kalite dlo nan Baen Lake George la.

Eta New York te angaje yon total 14.9 milyon dola, enkli sibvansyon ki soti nan Lwa sou Amelyorasyon Enfrastrikti Dlo (Water Infrastructure Improvement Act, WIIA), pwogram Enstalasyon Eta ak Minisipal yo, ak pwogram Pwojè Amelyorasyon Kalite Dlo (Water Quality Improvement Project, WQIP). Rè depans pwojè a te finanse avèk èd yon prè san enterè ki soti nan men Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal (Environmental Facilities Corporation EFC) eta a. Envestisman sa a te lakòz yon ekonomi total pou kontribiyab nan vilaj yo ki apeprè evalue a 27.3 milyon dola a. An 2019, vilaj la te kòmanse konstriksyon amelyorasyon izin lan epi yo te fini mwa sa a.

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Pandan plizyè syèk, moun soti toupatou nan peyi a ak atravè mond lan pou dekouvri bote san parèy Lake George la. Envestisman enpòtan ak patenarya kontinyèl Eta New York ak vilaj Lake George pou konplete amelyorasyon enpòtan tretman dlo ize sa yo pral pwoteje ak prezève bon jan kalite dlo lak la ak redwi polisyon nitritif pandan y ap sipòte travay agresif eta a pou konbat pwoliferasyon alg ki danjere yo (harmful algal blooms, HABs) nan mas dlo nou yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmanal la, Maureen A. Coleman, te deklare, "Lake George se youn nan pi bèl lak nan peyi a. EFC kontan dèske li te travay kole kole ak vilaj la ak patnè Eta nou yo pou asire ke pwojè enfrastrikti bon jan kalite dlo enpòtan sa a fini pou pwoteje resous natirèl ak lwazi enpòtan sa a. Gouvènè Hochul konprann enpòtans pou sipòte minisipalite yo pou yo antreprann, e sa ki pi enpòtan toujou, konplete pwojè inik sa yo. EFC prevwa plis siksè enfrastrikti dlo pandan n ap asosye envestisman Eta a k ap mennen nan peyi a ak nan kalite dlo ak finansman istorik nan kad Lwa sou Enfrastrikti Bilateral (Bipartisan Infrastructure Law) lafederal la."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Lake George se yon mèvèy natirèl ki dwe pwoteje, se poutèt sa mwen te goumen pandan plizyè ane pou bay finansman federal ki nesèsè pou amelyore enfrastrikti tretman dlo ize li yo epi retire fado a sou kontribiyab lokal yo. Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Hochul nan anonse finisman pwojè sa a pou finalman bay kominote Lake George la yo - ak anpil vizitè li yo - enfrastrikti dlo modèn yo merite epi asire pwosperite lak Rèn Etazini an kontinye koule pou jenerasyon k ap vini yo."

Senatè Eta Daniel Stec te deklare, "Lake George se yon mèvèy ekolojik ak yon potò mitan nan ekonomi lokal nou an. Enpòtans sante alontèm li pa ka minimize. Se poutèt sa pandan plizyè ane mwen te mete tèt ansanm ak ofisyèl lokal yo epi defann finansman ki nesèsè pou konplete amelyorasyon sa yo. Mwen kontan dèske pwojè enpòtan sa a deja fini epi mwen apresye sipò eta a."

Manm Asanble Matthew Simpson, te deklare, "Bote alavni Rèn Lak Etazini an kounye a pi an sekirite pou jenerasyon k ap vini yo. Finisman avèk siksè nan pwojè sa a

se yon temwayaj pou Majistra Bob Blais ak angajman Vilaj Lake George pou fè tout efò nan misyon li pou wè amelyorasyon esansyèl sa a reyalize nan travay ak patnè kle yo nan Konte Warren lan, Eta New York, epi nivo gouvènman Federal yo. Nan non rezidan yo nan 114èm Distri Asanble a, mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwòmantal la, Maureen Coleman, ak Komisyone DEC Eta New York la, Basil Seggos, pou sipò san fay kontinyèl yo nan alafwa vyabilite aktyèl ak fiti Lake George ak zòn ki antoure a. Kounye a, alafwa rezidan yo ak vizitè yo pral kapab kontinye jwi yon eksperyans se sèlman dlo klas mondyal inik Lake George la ki ka bay li pandan n ap solidifye jesyon kominotè kontinyèl nou an nan resous natirèl primitif sa a ak asistans ekonomik rejyonal sa a."

Angajman New York pou Kalite Dlo

New York kontinye ogmante investisman nan pwojè enfrastrikti pou dlo pwòp yo. Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, Bidjè yo Adopte pou 2022-23 a otorize 1.2 milya dola siplemantè, pou yon total 4.2 milya dola, pou Lwa sou Obligasyon Anviwòmantal pou Dlo Pwòp, Lè Pwòp ak Travay Ekolojik istorik la. Inisyativ istorik sa a, ki dwe pran pa elektè yo pita nan ane sa a, ta modènize enfrastrikti dlo ki ansyen yo epi pwoteje kalite dlo; redwi polisyon nan lè a ak diminye emisyon ki chanje klima; retabli abita yo; ranfòse kapasite kominote yo pou yo reziste kont gwo tanpèt ak inondasyon; prezève espas deyò ak fèm lokal yo; epi asire ekite nan investi omwen 35 pousan, ak yon objektif 40 pousan, nan resous nan kominote defavorize yo.

Anplis de sa a, Bidjè a te gen ladan tou yon lòt 500 milyon dola nan finansman enfrastrikti dlo pwòp, k ap mete total investisman Eta a nan dlo pwòp nan 4.5 milya dola depi 2017. Li gen ladan tou 400 milyon dola nan Fon Pwoteksyon Anviwòmantal (Environmental Protection Fund, EPF) pou sipòte inisyativ pou diminyon chanjman klimatik ak adaptasyon, amelyore resous agrikòl yo pou ankouraje agrikilti dirab, pwoteje sous dlo nou yo, fè avanse efò prezèvasyon yo epi bay opòtinite lwazi pou Nouyòkè yo.

Eta New York ap kontinye devlope tou estrateji pou redwi polisyon ak lòt kontribitè nan Pwoliferasyon Alg ki Danjere yo oswa HABs. DEC ap dirije yon inisyativ HAB ki gen plizyè ajans nan tout eta a pou pwoteje dlo pou bwè ak ekonomi lokal yo. Jiska prezan, New York te bay plis pase 324 milyon dola sibvansyon pou pwojè ki fèt pou diminye frekans pwoliferasyon alg yo lè yo vize polisyon fosfò ak nitwojèn, ki se faktè ki deklanche sikonstans HAB yo. Yo te aplike efò planifikasyon estratejik sou 12 lak priyorite atravè New York ki te gen eksperyans HAB, ki gen ladan Lake George. Jis semèn sa a, DEC te pibliye yon Plan Aksyon HAB pou Lake George ke yo mete ajou ki gen ladann yon rezime mizajou kondisyon kalite dlo yo, yon analiz ki pi egzakt sou kouvèti tè a ak estimasyon sous fosfò ki soti nan basen vèsan an, ak yon lis aksyon jesyon revize ke yo ka pran nan alafwa nivo lokal ak eta.

DEC ankouraje Nouyòkè yo pou yo "KONNEN L, EVITE L, RAPÒTE L". *KONNEN L* - pwoliferasyon alg ki danjere 'HAB', ki rive natirèlman yo varye nan aparans yo soti nan ti pwen vèt ki simaye nan dlo a, pase pa tras an fòm liy long vèt yo, soup pwa oswa penti

vèt ki vide, rive nan kolorasyon ble-vèt oswa blan. *EVITE L* - Moun, bèt domestik ak betay yo ta dwe evite kontak ak dlo ki dekolore oswa ki gen kim alg sou sifas la. *RAPÒTE L* - Si manm nan piblik la sispèk yon HAB, yo dwe rapòte li pase pa [fòmilè rapò anliy NYHAB la](#) ki disponib sou sit wèb DEC a.

Anplis travay enfrastrikti minisipal ki fini epi k ap fèt nan rejyon an, Eta New York ofri tou [Pwogram Ranplasman Sistèm Septik](#) (Septic System Replacement Program) pou pou sipòte pwopriyetè kay ak ti biznis yo nan ranplasman sistèm septik ansyen epi ki gen kalite enferyè ki sible yo ak retire fòs yo nan kominote yo nan tout eta a. Mwa pase a, [Gouvènè Hochul te anonse](#) sibvansyon adisyonèl ki konsantre sou Lake George ki estime a 300,000 dola pou Konte Essex, 595,000 dola pou Konte Warren, ak 450,000 dola pou Konte Washington nan kad pwogram septik la. Pwopriyetè tè ki elijib yo kalifye pou sibvansyon jiska 50 pousan nan pwojè septik la, jiska 10,000 dola pou chak pwojè. Pou plis enfòmasyon, ale sou <https://efc.ny.gov/septic-replacement>.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418